

# **Jistis ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens**

Sekretarya Achiduosèz Pòtoprens  
Ri Pikan ak Lama  
Pòtoprens Ayiti

nan kolaborasyon ak

## *Komisyón Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè* *Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 29 43 00 79  
justicepaixha@yahoo.com  
jilap.national@forumcitoyen.org.ht  
www.forumcitoyen.org.ht/jilap

Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan  
***Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

**Mwa janvye rive mas 2011**

*Texte en français : voir page 3 et 7  
En cas de citation du rapport, veuillez mentionner la source*

Lèt toulouvri pou Otorite Sivil, Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè salye n. Li kontan prezante 38yèm rapò li fin fè sou kesyon vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sila a rann kont sou sa k te pase nan peryòd mwa janvye rive mas 2011. Nou konstate tandans pou vyolans la vale teren nan zòn metwopoliten an ap kontinye. Sitou vyolans ak zam tounen. Chak jou, pou piti kat (4) moun pèdi vi yo nan kapital Ayisyèn nan anba vyolans. Pi fò nan yo, se zam ki touye yo.

Vyolans nan peyi d Ayiti genyen gwo enpak sou lespri moun. Li bay yo anpil kè sote, akote tout lòt chòk ak boulvès pèp la te sibi, epi li kontinye ap sibi toujou. Si vyolans la genyen gwo enpak sila a, se paske pèp nou an pa vyolan. Se vre, genyen vyolans nan sosyete a, men, pou jan kondisyon jeneral moun ap viv yo move, epi lè n ap konpare sa k pase nan lòt peyi, fò n di : pèp Ayisyen an pa vyolan. Nou sonje, jan peyi etranje t ap fè chapo ba devan pèp Ayisyen an apre tranbleman tè a pou jan l te viv konsekans evènman an ak anpil kouray, menm devan lè otorite li yo te manke pran reskonsablite yo. Konsa, nou pa fin konprann pou ki sa se peyi sila a y ap lonje dwèt sou li, se li y ap « estigmatize », se sou Ayiti y ap di : pa ale la a, paske gen vyolans ; epitou, genyen « zòn wouj » kote moun pa dwe ale.

Tout lòt peyi nan zòn nan, tankou Venezwela ak vil Karakas, Gwatemala, Jamayik ak El Salvadò, pou nonmen peyi sa yo sèlman, genyen pi plis polisyè nan lari pase peyi pa bò isit la, menm si n mete lapolis ak Minustah ansanm, epoutan genyen pi plis asasina chak jou Bondye mete. Men nan peyi sa yo, tout aktivite kontinye nòmal. Pa gen moun ki voye avètisman bay touris ak biznismann : pa ale la, paske genyen gwo danje. Pou ki sa se sou chen mèg yo wè pis ? Èske kominote entènasyonal la pa sèvi ak de pwa de mezi ? Oubyen èske genyen enterè kache ki fè yo lonje dwèt sou Ayiti ?

Lè a rive pou kominote entènasyonal la pale verite. Nou bouke ak manti yo lage sou do n. Menm nan kesyon kolera, yo pa janm di koze a klè ; otorite ak kominote entènasyonal la prefere jere peyi a nan manti, olye yo fè l « nan laverite », sitou sou kesyon ki kote kolera a sòti.

Nou repete sa n te deja ekri nan rapò # 35 la: « Pèp la merite resevwa nan men otorite yo yon pi bon akonpayman ak yon pi bon komunikasyon ki fèt ak transparans pase sa l jwenn kounye a ». Komisyon Jilap ap repete koze sila a depi detwa semèn apre tranbleman tè a, men demann sa a pa janm genyen rezulta kòm sa dwa. Jodi a, nou mete menm egzijans la devan nouvo otorite yo ki prêt pou pran larelèv : **jere peyi a nan laverite ak nan transparans.**

Sekretarya Komisyon an ap remèsyé tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye enfòmasyon yo, tankou HUEH ak PNH. Komisyon an salye n ak anpil respè, epi li di n mèsi pou atansyon n ap bay rapò sila a.

## *Aux Autorités Civiles, Judiciaires et Policières du pays*

*La Commission Nationale Justice et Paix vous salue. Elle a l'honneur de vous présenter son 38<sup>ème</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince. Ce rapport couvre la période de janvier à mars 2011. Nous constatons que la reprise de la violence déjà signalée au cours du trimestre précédent se poursuit. Surtout la violence par les armes gagne du terrain. Par jour, au moins quatre personnes perdent la vie de façon violente. La plupart d'entre eux sont victimes de la violence armée.*

*La violence en Haïti a un impact majeur sur l'esprit des gens. Elle crée la peur, à part tous les chocs importants que le peuple a subis et continue à subir. Si la violence a un si grand impact, la raison en est que le peuple ne désire pas la violence. Bien sûr, il y a de la violence dans la société, mais considérant les conditions inhumaines vécues par les gens, et comparant ce qui se passe dans d'autres pays, il faut reconnaître : le peuple Haïtien n'est pas un peuple violent. Nous nous souvenons de l'émerveillement des peuples étrangers devant la force et la capacité de résilience du peuple Haïtien après le tremblement de terre du 12 janvier 2011, et l'indifférence des autorités locales devant son sort. Nous avons du mal pour comprendre qu'on continue à stigmatiser le pays et à le marquer par des paroles : un pays dangereux à visiter à cause de la violence ; des zones sont particulièrement marquées en rouge comme extrêmement dangereuses.*

*Tous les autres pays dans la zone, comme Venezuela et sa capitale Caracas, Guatémala, Jamaïque et El Salvador, pour ne nommer que ces pays, disposent d'un effectif policier plus nombreux que notre pays, même si on additionne la PNH et la Minustah, tous ces pays connaissent un nombre beaucoup plus élevé d'assassinats par jour ; et pourtant la vie s'y déroule normalement et les activités y suivent leurs cours. Pas d'avertissements aux visiteurs et investisseurs : « pays dangereux, n'y entre pas ; à vos risques ». Pourquoi se souchen mèg yo wè pis (on voit les puces sur le chien malnutri) ? Pourquoi ce « deux poids deux mesures » de la communauté internationale ? Pourquoi stigmatiser Haïti ?*

*Le temps est venu pour que la communauté internationale dise la vérité. Nous sommes fatigués des mensonges dont on accuse injustement notre peuple. Même en ce qui concerne le choléra. Les autorités et la communauté internationale préfèrent gérer et administrer le pays « dans le mensonge » au lieu de la faire « dans la vérité », surtout quand on traite la question de la provenance de l'épidémie.*

*Nous reprenons ce que nous avons écrits dans le rapport # 35 : « La population a droit à un meilleur accompagnement de la part des autorités, une meilleure communication transparente que ce qui est le cas actuellement. » La Commission Justice et Paix a évoqué cette question à plusieurs reprises depuis les premières semaines après le séisme, mais malheureusement sans beaucoup de résultat. Aujourd'hui nous répétons cette même exigence devant les nouvelles autorités qui prendront la relève, de gérer le pays dans la vérité et la transparence.*

*Le secrétariat de la Commission remercie les instances qui ont permis de vérifier certaines informations et données, comme l'HUEH et la PNH. La Commission vous salue et vous remercie de l'accueil que vous donnerez à ce rapport.*

*P. Jan Hanssens, directeur national*

*Jocelyn Renord, Secrétaire général Jilap Achipo*

*Me. Apollon Rovelsond  
Enquêteur Responsable*

## **Analiz ak kòmantè 38yèm rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan**

Vyolans nan zòn metwopoliten an pa t fè bak nan 3 dènye mwa ki sòt pase yo. Okontrè, nou wè vyolans nan fòm ki pi klè ak pi brital la, lè n wè rezo gwoup ak zam ap kontwole plizyè site popilè nan kapital la, epi genyen anpil jèn ak timoun nan mitan yo. Konsa, distenksyon ant kilès ki aktè ak kilès ki viktim pa toujou klè.

**Pandan 3 mwa pou pi piti genyen 13 polisyè ki mouri anba bal bandi ak zam – san n pa konte sa k blese ; yo te 9 pou sèl mwa janvye a.** Mwa janvye te di anpil pou Polis Nasyonal la. Komisyon an eksprime kondoleyans li bay kò lapolis la ak fanmi viktim yo, li eksprime kondoleyans li bay tout moun ki viktim vyolans lòt yo ap fè yo. Nou kontinye ap fè rèv sou yon peyi kote y ap rezoud konfli yo ak diyite etan youn ap respekte diyite ak lavi lòt, kote ap genyen yon sistèm jidisyè k ap mache kòrèk, konsa pa dwe genyen vyolans ankò. N ap fè rèv sou yon peyi ki asire yon avni kote tout ptit yo, gason kou fi, ap kapab viv nan lapè ak sekirite, sitou timoun yo ak jèn yo.

Pandan 3 mwa ki nan rapò sila a, nou rive anrejistre **247 moun ki mouri anba bal;** nan rapò anvan an (rapò 37) te gen 262 ka.

Nan tout moun sa yo, **genyen 139 se nèg ak zam yo pa idantifye ki touye yo**, nan de dènye mwa yo (yo te 57 ak 49). Kantite viktim kote yo di aklè se gwoup ak zam ki touye yo rive nan 80 – kantite a ta kab pi wo. **Viktim anba bal lapolis rive nan 7.** Pou yon ka nan zòn Matisan, se te yon ka egzekisyon somè ajan lapolis te fè.

Nan rapò sa a, genyen kèk ka moun kote 1 difisil pou detèmine lakòz lanmò yo, li toujou posib yo mouri anba bal. Epitou, nou anrejistre **24 ka moun yo asasiné ak zam blanch**, epi **26 moun ki mouri nan aksidan machin.**

### **Men sa n panse**

#### **1. Paske pa genyen yon plan sekirite lapolis fè e ki byen òganize, gwoup ak zam yo (gang yo) santi yo alèz pou fè sa yo vle:**

Nou mete laksan sou pwen sa yo ki fè pa kab gen sekirite nan kapital la:

- Kesyon dezameman an
- Relasyon ki genyen ant kèk polisyè ak gang yo;

#### **2. Absans volonté politik bò kote otorite yo;**

#### **3. Kreye yon klima kote k gen sekirite epi bati lapè, se yon travay ki pa janm dwe febli nan kominate yo ak pou lapolis.**

### **Yon plan pou tabli sekirite**

- Dezameman, dezameman gang yo ladan 1 tou

Retire zam ilegal nan peyi a, sitou dezame gang yo se yon gwo nesesite pou rive mete yon klima sekirite nan zòn metwopolitèn nan. Ti zam yo prezante yon pwoblèm serye. Sitwayen ak sitwayèn yo ap viv chak jou ak kè sote kote bann kriminèl yo ap montre gwo kapasite yo genyen pou aji.

Pandan trimès la nou obsèye nan Matisan ak Site Solèy, te genyen gwo afwontman ant gang nan zòn yo. Prèske 100 moun pèdi lavi yo nan zòn sa yo epi se popilasyon sivil la ki peye po kase vyolans sa yo.

Nan Gran Ravin ak Tibwa, zòn Matisan, gang yo gen simityè yo pou antere patizan yo ak lòt moun ki viktim, san entèvansyon lapolis ak lajistis. Konsa, li ana k pou konnen valè moun ki mouri ak bal nan zòn sa yo; plis toujou, li pa fasil pou rive la paske pa gen wout pou randre.

- Relasyon ki genyen ant yon seri ajan polis ak manm gang

Anpil gang ki fòme nan zòn metwopolitèn nan, fè montre relasyon plizyè polisyè devlope ak yo. Misyon polisyè sa yo se bay yon seri enfòmasyon pou pwoteje gwooup kriminèl yo kont tout aksyon lapolis kapab fè kont yo. Reyalite sa a pote gwo domaj pou imaj ak efikasite enstitisyon polis la.

- Pakèt echèk ki genyen nan plan sekirite lapolis ak Minustah

Enstitisyon polis la mennen plizyè operasyon pou reponn ak fenomèn gang yo nan zòn metwopolitèn nan. Men aksyon sa yo pa pote bonjan fwi pou plizyè rezon.

1. Paske plan sekirite PNH la pa toujou reponn ak reyalite ki sou teren an, tankou yon seri reyalite jewografik ki konplike. Reyalite sosyolojik yo tou fè poze anpil kesyon, paske yo pa konsidere lavi abitan yo menm nan zòn sa yo. Fason yo wè sekirite pa koresponn ak yo.
2. Eske nou kapab pale sou yon vrè patenarya ant lapolis ak Ministra lè n wè jan kolaborasyon an fèt?
3. Polis nasyonal la pa gen patwouy ki ase pou mennen kontwòl nan yon seri zòn epi manke pwen fiks nan plizyè zòn estratejik. Pa gen yon sèvis ransèyman ki efikas.
4. Kominikasyon ant sitwayen yo ak enstitisyon polis la pa chita; n ap pran pou egzanp “nimewo 114” ki se yon penitans. Sitwayen yo pa santi yo pre enstitisyon polis la, sa ki bay yon pwoblèm serye.

### Absans volonté politik bò kote otorite yo

Konplisite kèk ajan lapolis, menm jan ak fason otorite yo pa sanble pran kesyon vyolans oserye montre aklè jan otorite politik yo alèz nan klima vyolans lan. Yo pa manifeste okenn enterè pou fè dezameman, epi yo kite tout bagay jan l ye a.

Volonte politik reskonsab yo nesesè pou yon sosyete kapab fè pwogrè; se yo k reskonsab pou mete sou pye enstitisyon Leta ki pou reponn yon fason kòrèk sou differan pwoblèm k ap kraze lòd piblik ak relasyon sosyal yo.

Pwen sa a vin pi klè toujou lè n analize konpòtman otorite yo ak kandida yo nan pwosesis elektoral la. Anpil kandida montre aklè yo pa fè pwosesis elektoral la ak vòt popilè a konfyans; yo plis kwè nan fòs ak zam. Konpòtman otorite elektoral yo (KEP la) kapab byen ranfòse konviksyon sila a epi bay vyolans la jarèt. Tout sa dwe fè n kalkile yon fason serye sou avni demokrasi nan peyi a.

## Vyolans epi bati Lapè

Vyolans anvan tout lòt bagay se yon repons sou yon sitiyasyon konfli ki genyen epi yo pa jere 1 byen; tout konfli pa mennen vyolans, men tout sitiyasyon kote gen vyolans montre genyen konfli anba anba oswa konfli ki parèt aklè. Anpil vyolans reyèl pa rive nan fòm brital vyolans k ap fet ak zam kote yo elimine lòt la konsa konsa.

Men genyen lòt kalite vyolans toujou. Pa lontan, gouvènman an ogmante pri pwodwi petwolye yo, sa ki te mennen anmenm tan ogmantasyon pri pwodui premye nesesite yo ak pri transpò yo. Anpil chofè ak pasaje viktim zak vyolans apre sa, swa paske yo manke lajan, oubyen pou bout kous chofè yo ap fè, aswa pa t gen bon enfòmasyon pou esplike popilasyon an. Gen vyolans fizik, vèbal (ak pawòl), mantal ak sikolojik (k ap aji sou lespri moun yo, paegzanp lè yo pè oswa lè gen panik). Popilasyon an ap viv anba estrès paske li gen dout sou avni ki devan l.

Kondisyon lavi moun yo ap viv kreye yon kad, kote vyolans brital ak zam kapab pran rasin epi devlope fasil. Otorite gouvènmantal yo pa respekte dwa sitwayen yo, yo pa kominike klè nan transparans ak sitwayen, lè yo pran yon seri desizyon san yo pa di pou ki sa. Kantite moun ki pa gen travay wo anpil, pa gen politik pou kreye travay. Lamizè pran lòt fòm nou pa t janm wè anvan. Tout sa se yon sitiyasyon vyolans li ye; se yon sous konfli ki mande solisyon, malerèzman, anpil fwa se ak nouvo fòm vyolans ki pi brital pase sa k te gen la anvan.

Nou pap janm reyisi kreye lapè ak sekirite ak sèl represyon gwo vyolans ak zam yo. Yo dwe respekte moun ak tout dwa 1 yo; yo dwe kominike ak li yon fason klè nan transparans; kondisyon lavi moun yo dwe kòrèk, paske genyen sèvis piblik efikas. Tout sa se yon seri kondisyon pou kab gen lapè ak sekirite.

### **Men sa JILAP pwopoze:**

1. Retire tout zam ilegal nan men popilasyon an ak nan men gwoup ak zam yo, gen yon seri otorite ki toujou ap mache ak yon kòtèj ajan sekirite ki dwe dezame tou.
2. Ranfose lejislasyon sou ki kondisyon pou posede oswa pou pote zam; dwe genyen plis kontwòl sou fason yo aplike lwa yo, epi dwe genyen sanksyon kont moun ki pa respekte yo.
3. Travay pou genyen plis konfyans ant PNH ak popilasyon an. Polisyè yo dwe konpetan epi fòk popilasyon an kapab fè yo konfyans. Yo dwe kreye pi bon komunikasyon ant lapolis ak popilasyon an.
4. Pran mezi reyèl nan domèn sosyal ki efikas pou soulaje soufrans ak lamizè popilasyon an.

Mèt Rovelsond Apollon  
Anketè Reskonsab

## **Analyse et commentaire du 38<sup>ème</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince**

La violence au cours des mois de janvier à mars 2011 n'a pas diminué dans la zone métropolitaine. Elle continue à illustrer la violence dans sa forme la plus brutale et ouverte, notamment par des réseaux criminels qui contrôlent bon nombre de banlieus de la capitale et qui comptent de nombreux jeunes et même enfants parmi leurs acteurs. Ainsi la distinction entre victime et coupable devient très réduite.

**En trois mois plus de 12 policiers ont été tués par des bandits armés – sans compter les blessés ; 10 pour le seul mois de janvier.** Le mois de janvier a donc été particulièrement meurtrier pour la PNH. La Commission exprime ses condoléances au corps policier et les familles des victimes, comme elle exprime ses condoléances à toutes les victimes de la violence des autres. **Nous continuons à rêver d'un pays où les conflits pourront se résoudre par la concertation dans la dignité, par un système judiciaire fonctionnel et non par la violence. Nous rêvons d'un pays qui assure un avenir pacifique et sécuritaire pour ses fils et filles, surtout pour les enfants et jeunes.**

Au cours des mois couverts par ce rapport, **nous comptons en total 247 cas de personnes tuées par balles** ; pour la période précédente (rapport 37, il y avait 262 cas. Il y aurait donc une légère diminution, excepté pour le mois de février, qui a atteint le nombre de 127 victimes de violence, dont 99 par balles, cela fait plus que 3 par jour.

Les auteurs non identifiés directement des actes de violence est haut pour la période (au nombre de 139) et particulièrement pour les deux derniers mois (respectivement 57 et 49). **Le nombre des victimes de la violence des groupes armés identifiées comme tels montent à 80 – le nombre réel pourrait être bien plus haut.** Les victimes des interventions policières identifiées comme telles montent à 7. Un cas a été clairement identifié comme une exécution sommaire par des agents de la PNH au mois de février dans la zone de Martissant.

Dans ce rapport, il y a le cas de certaines personnes pour lesquelles, il est difficile de déterminer la cause de leurs décès, sans toutes fois écarter la possibilité de meurtre par balle. Ensuite, il y a eu **24 cas de crimes par arme blanche et 26 morts par accident de la circulation.**

### **Nos considérations**

#### **1. L'absence d'un plan de sécurité bien ordonné par la Police Nationale rend confortable les gangs qui défient constamment la société :**

Nous relevons les points suivants qui entravent la sécurité dans la capitale :

- Le désarmement
- La relation entre certains agents police et les gangs

#### **2. L'absence de volonté politique des autorités**

#### **3. Un climat sécuritaire et la construction de la paix : des tâches permanentes pour les communautés et les autorités.**

## **Un plan de sécurité**

- Le désarmement, y compris le désarmement des gangs**

Le désarmement, surtout le désarmement des gangs est une grande nécessité pour arriver à un climat sécuritaire dans la zone métropolitaine. Les armes de poing posent de problèmes sérieux. Les citoyens et citoyennes vivent constamment dans la peur, parce que la capacité d'action des groupes armés est significative.

Au cours du trimestre passé, à Martissant et à Cité Soleil, des affrontements opposant des gangs rivaux ont eu lieu. Près de **100 personnes ont été tués** dans ces banlieues ; la population civile fait toujours les frais de ces violences.

A Grande Ravine et Tibwa, banlieue de Martissant, les groupes armés disposent de leur cimetière pour enterrer leurs pairs ou autres personnes victimes sans l'intervention de la police ou de la justice. Il est donc difficile de dénombrer les personnes tuées par balles dans ces endroits qui sont d'ailleurs d'accès difficile par manque de voies de pénétration.

- La relation de certains agents de police avec des gangs**

Dans la violence, on évoque toujours l'évidence des relations entre certains agents de la police et les groupes armés ; la mission de ces policiers est alors de fournir des informations de nature à protéger le groupe criminel contre toute intervention de l'institution policière à leur endroit. Inutile de dire que cette situation nuit sérieusement l'image de l'institution policière.

- Les échecs de la PNH et de la Minustah**

La police a entrepris plusieurs actions et élaboré des stratégies pour répondre au phénomène des groupes armés dans la zone métropolitaine. Mais les résultats de ces actions sont mitigés pour plusieurs raisons.

- Les plans de sécurité ne reflètent pas toujours la réalité de la situation. Ils manquent d'être adaptés aux réalités complexes de la géographie de la zone. Ils sont questionnables du point de vue sociologique, parce qu'ils ne prennent pas suffisamment en compte la vie des gens dans les bidonvilles et quartiers populaires. La vision de sécurité est socialement mal articulée.
- Le partenariat entre la Police nationale et la MINUSTAH semble ne pas fonctionner vraiment.
- La PNH n'a pas de patrouilles suffisantes pour assurer une présence permanente aux points stratégiques. Elle ne dispose pas d'un service de renseignement efficace.
- La communication entre le citoyen (la citoyenne) et l'institution policière ne passe pas. Le numéro de téléphone « 114 » par exemple est généralement hors d'usage. Les citoyens ne se sentent pas proche de l'institution policière.

## **L'absence de volonté politique des autorités**

La complicité de certains agents de la police comme l'inaction des autorités politiques démontrent que des autorités semblent être confortables dans ce climat de violence. Elles ne manifestent aucun intérêt pour procéder au désarmement et elles laissent faire.

Tout progrès d'une société passe nécessairement par la volonté politique de dirigeants responsables qui organisent les institutions étatiques de manière à apporter des réponses appropriées aux problèmes qui tendent à dégénérer l'ordre public et le tissu sociétal.

Ce point devient plus clair quand on analyse le comportement des autorités et les candidats lors du dernier processus électoral. Beaucoup de ces candidats démontrent clairement qu'ils croient plus à l'usage de la

force et des armes qu'à un processus électoral correct et le verdict des urnes. Le comportement des autorités électorales (CEP) pourrait bien les conformer dans cette conviction et donc encourager les violences. Ceci donne à réfléchir sur l'avenir de la démocratie.

## **Violence et construction de la paix**

La violence est avant tout une réponse à une situation de conflit mal géré ; tout conflit ne conduit pas nécessairement à la violence, mais toute situation de violence cache des conflits ouverts ou latents. Beaucoup de formes de violence réelles ne trouvent pas d'autre expression que la violence brutale des armes et l'élimination physique pure et simple de l'autre.

Mais il y a d'autres violences toujours. Récemment, le Gouvernement a augmenté les prix des produits pétroliers, cela a occasionné immédiatement une flambée des prix des produits de première nécessité et des prix de transport. Des chauffeurs et passagers sont victimes de violence suite à cette mesure, soit pour manque d'argent, soit par manque de bonnes informations transparentes. La violence peut être physique, verbale, mentale, physiologique ... la population est stressée devant un avenir incertain.

Les conditions dans lesquelles vivent les gens représentent le cadre où la violence brutale des armes peut germer et prendre racine facilement. Les droits des citoyens sont bafoués ; il n'y a pas de communication claire et transparente. Le taux de chômage est extrêmement élevé, il n'y a pas de politique d'emploi. La misère connaît de nouvelles formes impensables auparavant. Pareille situation constitue déjà une situation de violence ; elle est source de conflits pour lesquels on cherche des solutions, trop souvent par de nouvelles violences plus brutales.

Etablir un climat de paix et de sécurité ne réussira pas par la simple répression des expressions extrêmes de la violence, qui est la violence armée. Le respect des personnes et de tous leurs droits ; la communication claire et transparente ; des conditions de vie humainement acceptables par l'organisation de services publics réels, sont autant de conditions de la paix et de la sécurité.

### **JILAP Propose :**

1. Le désarmement conséquent de la population et des bandes armées, qui touche également à certaines autorités et leur cortège d'agents de sécurité.
2. Renforcer la législation sur le port d'arme ; son contrôle et des sanctions effectives en cas de non respect.
3. Crée davantage de confiance entre la police et la population par la formation d'un corps de police compétent et fiable ; en établissant une meilleure communication entre la PNH et la population.
4. Prendre des mesures sociales réelles et efficaces pour alléger les souffrances de la population.

Me. Rovelsond Apollon  
Enquêteur Responsable

## Tablo ki fè rezime Krim nan zòn metwopolitèn

### *Tableau de synthèse des crimes dans la zone métropolitaine*

	<b>Janvye 2011 93 viktim</b>	<b>Fevriye 2011 127 viktim</b>	<b>Mas 2011 108 viktim</b>	<b>Total Peryòd 328</b>
1. Sou idantite viktim yo : Polis ak ajan sekirite ki viktim	<b>9 polisyè</b>	<b>1 polisyè</b>	<b>3 polisyè</b>	<b>13</b>
Fanm ak timoun ki viktim	<b>9 fanm / 1 timoun</b>	<b>15 fanm</b>	<b>8 fanm</b>	<b>32</b>
Viktim yo pa konnen kilès yo ye	<b>39</b>	<b>60</b>	<b>30</b>	
2. Sou lakòz lanmò yo : Moun ki mouri ak bal	<b>67</b>	<b>99</b>	<b>81</b>	<b>247</b>
Moun ki mouri ak bal lapolis/ Minustah	-	<b>2</b>	<b>2</b>	
Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	<b>2</b>	<b>4</b>	<b>1</b>	
Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	<b>32</b>	<b>29</b>	<b>20</b>	<b>80</b>
Viktim afwontman ant gang	-	<b>7</b>	<b>9</b>	
Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	<b>33</b>	<b>57</b>	<b>49</b>	<b>139</b>
Moun ki touyetèt yo	-	<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt	<b>8</b>	<b>7</b>	<b>9</b>	<b>24</b>
Moun ki mouri nan aksidan	<b>9</b>	<b>13</b>	<b>4</b>	<b>26</b>
Moun ki mouri nan move tan	-	-	-	
Lot kòz ak sa yo pa konnen	<b>9</b>	<b>7</b>	<b>12</b>	<b>28</b>
3. Sou kèk katye : Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò <sup>1</sup> Nasyonal ak Solino	<b>7</b>	<b>1</b>	<b>1</b>	
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè	<b>9</b>	<b>18</b>	<b>17</b>	<b>44</b>
Zòn Kafou	<b>6</b>	<b>8</b>	<b>6</b>	<b>20</b>
Gran Ravin ak Matisan	<b>7</b>	<b>29</b>	<b>17</b>	<b>54</b>
Petyonvil, wout Frè	<b>5</b>	<b>1</b>	<b>3</b>	
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital	<b>15</b>	<b>21</b>	<b>20</b>	
2. Sou kèk lòt sikorans : Moun ki mouri sou etikèt vòlò	<b>4</b>	<b>5</b>	<b>1</b>	
Etikèt kidnapè/bandi	-	-	-	-

**Tablo vyolans sou zòn metropolitèn nan  
Pou mwa janvye 2011**

<b>Jou ak ana k lè</b>	<b>Enfòmasyon sou viktim yo</b>	<b>Ki kote, zòn, Katye</b>	<b>Esplikasyon nou ranmase sou viktim nan, nan moman aksyon an te pase.</b>
Samdi 1 janvye 2011, nan maten	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Matisan 19	Yo gwoup moun nan popilasyon an <b>lapide</b> viktim nan sou akizasyon volò.
Samdi 1 janvye 2011, 6:00 AM	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Pis Aviyasyon	Moun nan zòn nan leve jwenn viktim nan mouri trangle, san yo pa idantifye lòtè zak la.
Dimanch 2 janvye 2011, nan maten	Yon fanm yo pa idantifye	Pòtoprens, Matisan 25	Moun yo pa idantifye touye viktim nan ak <b>koutkouto</b> .
Lendi 3 janvye 2011, nan lajounen	Joseph Saintano	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri ak <b>bal</b> nan lari, yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Lendi 3 janvye 2011, 7:00 PM	Yon fanm yo pa idantifye	Dèlma 2, bò BNC	Nèg ak zam yo pa idantifye, touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> apre yo te fin dechèpiye tout sa ki te sou li.
Lendi 3 janvye 2011, nan lajounen	Israel Pointvil	Site Solèy	Viktim nan mouri nan <b>aksidan</b> machin.
Madi 4 janvye 2011, nan apremidi	<b>2 moun :</b> - Elvetus Ocène, yon <b>polisyè</b> - Wilner Louis	Pòtoprens, Matisan 17	Viktim yo mouri ak plizyè <b>bal</b> nan chanje koutzam ak lapolis.
Madi 4 janvye 2011, 11:00 AM	Frandy	Pòtoprens, R'Sen Maten	Viktim nan resewa plizyè kout kouto nan men TiDjeri poutèt yon tenis viktim nan te prete nan men l li pat vle remètli. Viktim nan mouri lapoula.
Mèkredi 5 janvye 2011, 8:00 AM	Francklin	Site Soley, zòn Estasyon Gonayiv	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> pandan li fin desann machin.
Mèkredi 5 janvye 2011, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri ak <b>bal</b> nan lari, yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Mèkredi 5 janvye 2011, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Kwadèboukè	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Mèkredi 5 janvye 2011, nan lajounen	<b>2 moun :</b> - Kathie Ylysse - Laloi Jean	Kafou	Nèg ak zam ki nan gang ana idantifye touye viktim yo ak plizyè <b>bal</b> .
Jedi 6 janvye 2011, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Boulva Lasalin	Kòz lanmò viktim nan pa idantifye, yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Jedi 6 janvye 2011, 9:00 AM	Aldo	Dèlma, Dèlma 4	Yon machin frape viktim nan, li te mouri lapoula.
Vandredi 7 janvye 2011, nan maten	Yon jèn gason yo pa idantifye	Petyon vil, Laboul 23	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Vandredi 7 janvye 2011, nan maten	Jean Edner Joseph	Dèlma, Dèlma 19	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Dimanch 9 janvye 2011, 8:00 PM	Yon nèg ak zam	Dèlma 2, bò BNC	Plizyè moun nan popilasyon an touye viktim nan ak wòch ak baton sou akizasyon volò.
Lendi 10 janvye 2011, nan maten	Alix Siméon	Kwadèbouke, Lizon	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Lendi 10 janvye 2011, nan maten	Joseph Luc	Pòtoprens, R'Monseyè Giyou	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Lendi 10 janvye 2011, nan lajounen	Amazon Wilguens, yon <b>polisyè</b>	Dèlma	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Lendi 10 janvye 2011, 7:00 AM	Yon fanm yo pa idantifye	Dèlma 2, bò BNC	Nèg ak zam yo pa idantifye, touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> pre yo te fin telefòn li ak valiz li.

Lendi 10 janye 2011, nan lajounen	Lecena Jean-Robert	Petyonvil	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Lendi 10 janye 2011, nan maten	Louis Emgba Raymond	Dèlma 32	Yo jwenn viktim nan mouri lakay li. Kòz lanmò l pa idantifye. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral
Lendi 10 janye 2011, nan lajounen	Pierre Jean Gael, yon <b>polisye</b>		Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Madi 11 janye 2011, nan lajounen	Lafleur Valentin	Taba	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Madi 11 janye 2011, nan maten	Yon tibebe	Taba	Yo jwenn viktim nan abandone nan lari. Kòz lamò l pa idantifye. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral
Madi 11 janye 2011, nan maten	Yon moun yo pa konnen	Dèlma	Yo jwenn viktim nan mouri ak <b>bal</b> nan lari, yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral
Madi 11 janye 2011, nan lajounen	Registre Jean –Rene	Dèlma	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Madi 11 janye 2011, nan maten	Georges Manise, yon fanm	Pòtoprens, Ri Monseyè Giyou	Yo jwenn viktim nan mouri nan lari. Kòz lamò l pa idantifye. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral
Mèkredi 12 janye 2011, nan lajounen	Aberique Pierre	Pòtoprens, Lasalin	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Mèkredi 12 janye 2011, nan lajounen	Yon moun yo pa konnen	Pòtoprens, Chann Mas	Viktim nan resewa plizyè <b>koutkouto</b> . Li mouri lapoula.
Jedi 13 janye 2011, nan lajounen	Augustin Rosemond	Dèlma	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Vandredi 14 janye 2011, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa konnen	Pòtoprens, Ri Dipèp	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Vandredi 14 janye 2011, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa konnen	Pòtoprens, Matisan 23	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Vandredi 14 janye 2011, nan lajounen	Jacques Jorès Croisière	Dèlma 5	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Samdi 15 janye 2011, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan aksidan machin. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 15 janye 2011, nan lajounen	Mathurin Esdras	Site Solèy	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Dimanch 16 janye 2011, nan lajounen	Séjour Geffrard	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz lanmò viktim nan pa idantifye. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Dimanch 16 janye 2011, 6:00 AM	<b>2 jèn</b> gason ak zam	Dèlma 2, nan Kafou a	Plizyè moun nan popilasyon an touye viktim yo ki te gen zam nan men yo ak kout wòch ak baton sou akizasyon vòlò.
Lendi 17 janye 2011, nan maten	<b>2 moun</b> yo pa idantifye.	Kafou	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim yo ak plizyè <b>bal</b> .
Lendi 17 janye 2011, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Dèlma 27	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Lendi 17 janye 2011, nan lajounen	Jonas Mondesir	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz lanmò viktim nan pa idantifye. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Madi 18 janye 2011, nan lajounen	Exechiel	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri ak <b>bal</b> nan lari. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Madi 18 janye 2011, nan lajounen	Pascal Mondestine, yon fanm	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri ak <b>bal</b> nan lari. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Madi 18 janye 2011, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri nan aksidan machin. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Mèkredi 19 janye 2011, nan lajounen	Roland Nicolas	Pòtoprens, Ri Doktè Obri	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .

Mèkredi 19 janye 2011, nan lajounen	Yon jèn gason yo konnen	Pòtoprens, Matisan	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> nan yon tibzns li t ap fè.
Jedi 20 janye 2011, nan lajounen	Tiblada	Kafou	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Jedi 20 janye 2011, 7: 00 PM	<b>2 moun:</b> Francois Antilus ak yon lòt moun	Dèlma, Jeral Batay	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim yo ak plizyè <b>bal</b> .
Jedi 20 janye 2011, nan lajounen	Yon fanm yo pa idantifye	Pòtoprens, Kwabosal	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Jedi 20 janye 2011, nan lajounen	Jean Reynold Elie	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim nan mouri ak <b>bal</b> nan lari. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Vandredi 21 janye 2011, nan maten	Yon moun yo pa idantifye	Pòtoprens, Enpas Vensan	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Vandredi 21 janye 2011, nan lajounen	Yon moun yo pa idantifye	Kwadèboukè	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Vandredi 21 janye 2011, nan lajounen	Emile Kelly	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Kòz lanmò viktim nan pa idantifye. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Vandredi 21 janye 2011, nan lajounen	<b>2 moun</b> yo pa idantifye	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Yo jwenn viktim yo mouri ak <b>bal</b> nan lari. Yo te transpòte l nan mòg Lopital Jeneral.
Samdi 22 janye 2011, nan lapremidi	Fritz Cayo	Pòtoprens, 5yèm Avni Bòlòs, Matisan	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Samdi 22 janye 2011, nan lapremidi	Cetout Jean Gabriel	Pòtoprens, Boulva J. J. Desalin	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Samdi 22 janye 2011, nan lapremidi	Pierre Richard Farius	Site Solèy, Batima	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Dimanch 23 janye 2011, nan lapremidi	Willmane Pierre, yon polisyè	Petyonvil, Kenscòf	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Dimanch 23 janye 2011, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Rí Prevo	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Lendi 24 janye 2011, nan lajounen	Wilfonde Michel, yon polisyè	Pòtoprens, Ri Sentànn	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Lendi 24 janye 2011, 6:00PM	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Karidad	Nèg ak zam ki nan baz Pilat touye viktim nan ak plizyè bal anba akizasyon li te vin kase bank bòlet.
Madi 25 janye 2011, nan lajounen.	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Wout Kanapevè	Viktim nan mouri nan aksidan machin.
Mèkredi 26 janye 2011, nan maten	Levisson Toussaint	Site Solèy	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Jedi 27 janye 2011, nan maten	Laguerre Anne-Marie, yon fanm	Kafou	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Jedi 27 janye 2011, nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Pòtoprens, Rí Monseyè Giyou	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
Jedi 27 janye 2011, nan lajounen	<b>2 moun:</b> -Colin Wilson - Joseper Lucner	Taba	Viktim yo te sou moto mouri nan kolizyon <b>yon</b> machin.
Jedi 27 janye 2011, 6: 30 PM	<b>2 polisyè:</b> -- Tity Louis - Jean Louis Johny	Pòtoprens, Bò sant Jeskyo, Bisantnè	Nèg ak zam ki nan gang yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .

Jedi 27 janye 2011, 9: 00 PM	<b>2 moun</b> ladan yo yon fanm	Pòtoprens, zòn legliz Lapwofesi, Bisantnè	Viktim yo te sou moto mouri nan kolizon ak <b>yon machin</b> .
Jedi 27 janye 2011, nan lajounen	Wackenson Jean Fortuné	Pòtoprens, Ri Monseyè Giyou	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè <b>bal</b> .
